

Ballada shıǵarması dramaturgiyası jaǵınan tolqın sıyaqlı rawajlanǵan. Bunda batırlıq gúres hám muhabbat talǵamları kórsetilgen.

**Ádebiyatlar**


1. Abdullaeva U. CHarshimov Dj. “Qaraqalpaq kompozitorlarınıń fortepiano shıǵarmaları”, Qaraqalpaqstan, 2012.
2. Abatbaeva R. “Fortepiano”, Toshkent. 2023.
3. Nadirova A. “Qaraqalpaq muzıka tariyxı”, Qaraqalpaqstan. 2019.



**REZUME.** Bastakor oʻz asarlarida qoraqalpoq musiqa folkloridan foydalangan, turli kompozitsiyalarni tartibga solishga harakat qilgan. Uning kamera, simfonik, balet va boshqa asarlari zamonaviy uslublarning yorqin namunasidir.

**РЕЗЮМЕ.** Композитор использовал в своих произведениях каракалпакский музыкальный фольклор и пытался организовать различные композиции. Его камерные, симфонические, балетные и другие произведения являются яркими образцами современных стилей.

**SUMMARY.** The composer used Karakalpak musical folklore in his works, tried to organize various compositions. His chamber, symphonic, ballet and other works are bright examples of modern styles.


## САХНА СӨЗИ ПӘНИНИҢ ҚӘЛИПЛЕСИЎИ


**М.Исмаилова** – *доцент*

*Өзбекстан мәмлекетлик көркем онер ҳәм мәдeният институты*

*Нөкис филиалы*



**Таянч сўзлар:** сахна нутқи, маънавий, ижодкор, усуллар, бадиий асар, предмет, нутқ маданияти, муносабат, характер, сўз ясалиши, адабий матн.

**Ключевые слова:** сценическая речь, духовный, творческий деятель, приёмы, художественное произведение, предмет, культура речи, отношение, характер, словообразование, художественный текст.

**Key words:** stage speech, spiritual, creative figure, techniques, work of art, subject, culture of speech, attitude, character, word formation, literary text.


Адамзат турмысындағы социаллық, руў-хый ағартыўшылық, мәдений ҳәм де күнделикли турмыстағы, байланыс, мүнәсибет, нийет ҳәм алға илгерилеўшиликтеги тийкарғы түсиндириў мүнәсибет усылы болған тилимиздиң ҳәр тәреплеме мазмунлы ҳәм тәсирли болыўы, ҳәр бир шахс, дөретиўши ҳәм қәнигелердиң жедел алға умтылыў процесслерине үнлес ўазыпаларынан бири болып есапланады.

Көркем өнер ҳәм мәдeният жөнелисиндеги бакалавр жөнелиси студентлериниң «Сахна сөзи» предмети шеңберинде усыныс етилетуғын теориялық ҳәм әмелий дөретиўшилик түсиниклери, сахна сөзиниң теориялық ҳәм әмелий дөретиўшилик атқарыў тийкарлары, ўазыпалар, усыллар менен шешиў, инсанның сөйлеўиниң мазмунлы ҳәм тәсирли, анық, тынық ҳәм тәкирарланбастай болыўы ҳәм де миллий ғәрезсизлик идеяларының көркем сөз өнериндеги сөздиң тәсиршеңлигин асырыўға ҳәм беккемлеўге қаратылған. Театр көркем өнериниң актёрлық тараўында сөздиң тутқан орны шексиз. Автордың идеясы текстте түрли усыллар менен сүўретленеди. Шығарманың өзине тән стилисли, сөздеги характери, қаҳарманлардың өз пикирлерин сәўлелендириўи сахна шығармасын жаратыўда үлкен роль ойнайды.

Көркем сөз өнериниң социал, руўхый ағартыўшылық, орны әҳмийети ҳәм ўазыйпалары дүнья машқалаларының ең қызғын ўақтында заман талапларына бола кеңейип бармақта. Атап айтқанда, пикир алмасыўларға анализ жасаўда, сахнада сөйлеўдиң мазмунлы, гөззал, тәкирарланбас, тынық ҳәм тәсиршеңликти беккемлеўге қаратылған мақсетлер белгиленген екен, оны логикалық избе-излилигине итибар қаратылады. Көркем сөз өнери ҳаққында билдирилген ҳәм жаратылған жанлы сөздиң тәсирли формасы ҳәм мазмуны, ҳәм көркемликке жақын тилде баян етилиўи мақсетке муўапық болып есапланады.

Инсан ақыл күши, мүнәсибет ҳәм сөйлеў мәденияты бирлигинде әмелге асырылатуғын турмыслық шараят пенен жүзбе-жүзлик болады. Дүньяның ҳәр түрли жеринде болып атырған, ҳәр биримизди тәшўишке ҳәм қәўетирге салып атырған геополитик жағдайлар, айырым жерлерде ыссылықтың асып кетиўи, қурғақшылық, ҳасылсызлық, өрт, суў тасқыны, океанлардағы даўыллар, тайфунлардың пайда болыўы «геофизикалық ықлым қураллары»ның қәўипиниң барлығынан көз жумалмаймыз. Интернет дизими арқалы ҳәр минутта дүньяға шексиз-шегарасыз, керекли-керексиз хабар ҳәм ҳәр түрли сырлардың тарқалыўы ҳәм онда инсан тәбиятына қарсы ҳәм жат пропаганданың тәсириниң бар екенлигин бийкарлап болмайды. Мәмлекетлер арасында болып атырған қарама-қарсылық ҳәм келиспеўшиликлерге күдиретли қурал күши менен емес, «Илаҳий сөз» күдирети менен табыў зәрүр. Сондай шараятта камалға жеткен әўладтың билим дәрежеси, пикири қайсы тәрепке қарап жөнелис алыўы ертеңги өмиримиздиң шешиўши керекли ўазыйпаларының бири болып есапланады. Ҳеш қандай гүмансыз жүдә сергеклилик, ақыллы мүнәсибет талап қылыўшы бундай тез ағымдағы өзгерислер, көркем сөз өнери, сөйлеў шеберлиги, көркем оқыў, көркем сөз өнери өзиниң илаҳий жаратыўшылық, мүнәсибетлер бирлигин раўажландырыўға ҳәм беккемлеўге хызмет қылыўы керек. «Сахна сөзи» оқыў процесинде, ҳәр қандай алдыңғы педагогикалық технологияларды, интерактив усылларды үйрениў процесинде өнимли пайдаланыў мақсетке ылайық. Дөретиўшилик илимий, кәсиплик, әмелий жумысы тил зибан менен байланыслы актёр, режиссёр, тәълим-тәрбия, пропогандист-агитаторлар, массалық хабар қуралларында диктор, баслаўшы ҳәм басқа түрли тараў ўәкиллери ушын да бул үлкен әҳмийетке ийе. Мазмунлы, тәсиршең, тынық ҳәм белсенди имканиятларды үйрениў ҳәм жүзеге шығарыў ушын, өзиңниң сөйлеўиңди жоқары дәрежеге жеткериў, белсендилик көрсетиў жолында сөйлеўдиң техникалық көникпелер еркинлиги ҳәм рәң-бәрәңлигине ерисиў, сөз бенен ислеўдиң усыллары әмелий дөретиўшилик тийкарларын үйрениўи сахна сөзине ерисиўдиң тийкарғы усылларынан бири болып есапланады.

**Сахна сөзи пәниниң тийкарғы бөлимлери**



Ҳәр бир шахс, қәниге өзи жасап атырған дәўир, орталықтың социаллық, сиясий, руўхый-ағартыўшылықтың раўажланыў процесслерине ақыл менен итибар, исеним ҳәм мүнәсибетлери, миллий ғәрезсизлик идеялары менен руўхланған, улыўма инсаныйлық түсиниклер ҳәм философиялық көзқараслар менен беккемленгенлигиниң орны ҳәм әҳмийети уллы. Өз орнында бул қырлар атқарыў шеберлигиниң идеясы, философиясы, тәсиршеңлигин беккемлейди. Соны айтып өтиў керек, бакалавриат жөнелиси, оқыў процесинде, тыңлаўшылардың атқарыў имканиятлары рәңбәрәң ҳәм көп қырлы, мазмунлы ҳәм тәсирли, анық ҳәм тынық, мақсетли, атқарыў көникпелерине ерисиледи. Сахналық сөзлерди жетилистириўде пәнниң тийкарғы бөлими болған сөйлеў техникасының толық өзлестириўи ҳәм өз үстинде ислеп бәркулла тәкирарлап беккемлеп барыўы усыныс етиледи. Бул олардың кең, терең ҳәм беккем билимге, дөретиўшилик жетискенликке, излениўшеңликке, әмелий атқарыў шеберлигине, сөз байлығы ҳәм сөйлеў шеберлигин студентлердиң ийелеп барыўын тәмийинлейди, бундай имканиятқа ийе қәбилет ҳәммеде де бирдей емес. Ҳәр бир шахстың өзине тән айрықша ҳәм үлгили пикирге ийе болыўы ҳәм сол пикирдиң жанлы мазмунлы тәсиршең тилде сүўретлениўи әзелий ҳәм мәңги беккемленип барыўшы ўазыйпалардан бири. Жас әўлатдың ақылы, интеллектуал дәрежеси, дүнья қарасы, пикирлеўи классикалық, фольклор, заманагөй қарақалпақ, өзбек, көркем әдебияттың ең күшли ҳәм таңланған үлгилерине меҳир қойыўы, оқыўы ҳәм дөретиўшилик хызметине сиңдириўи, ўазыйпалары барған сайын жаңаланып бармақта. Инсан руўхыятына қозғаў салатуғын, қыял дизгинин ләң қылыўшы, қырғын, бузғыншылық ҳәм басқа инсаниятқа жат идеялар сәўлеленген, әдебиятлардағы, «супер-боевик» монстрлар талықланған ҳәм олар тийкарында, экранластырып атырған фильмлер, мультфильмлерден тәсирленип қызығып кетиўи ақыбети күтилмеген кеўилсизликлерге жол ашыўы мүмкиншилигине бийпәрўа қарамаўымыз өмир, заман ҳәм дәўир талабы болып есапланады. Бүгинги күнде көркем өнер дүньясы, көркем әдебият китап оқыўшы яки тамашагөйлердиң имканы болғанынша көп ҳәм үлкен қатламларды қамрап алыўына қаратылған ҳәм онда инсан қыялы ҳәм оның таң қалдыратуғын, ҳәтте ләрзеге салып қайыл қалдыратуғын, қорқынышқа салатуғын образлар жаратылып атырғаны ҳәм оның жас әўладтың санасына ҳәм мүнәсибетлерине тәсири үлкен. Тәлим системасында ең тәсиршең, прогрессив интерактив сүўретлеў усыллары жаратылыўына болған мүнәсибет, мүтәжлик, талаптың асып барыўы тәбийғый. «Интерактив тәсиринде жантасыў» түбиринде көркем өнер ҳәм мәдeният жөнелислеринде әзелден терең, кең излениўлер процесинде алып барыўшы тийкарға ийе. Ол театр, кино, эстрада, радио ҳәм телевидение көркем өнерине де әзелий жолдасы, театр ҳәм кино көркем өнериниң атақлы жетекшилерин раўажландырған ҳәм жетилистириў ҳәм өзиниң турмыслық орны әҳмийетин тапқан мектеп шеңберинде жәмленген. Сахна сөзи пәнине интерактив жандасыў белгиленген тема аудиториядағы барлық тыңлаўшыларды қамрап алыўшы, өткериўши шәртли-шараятлар таңлаў, теманы жарататуғын ҳәм тыңлаўшыға өткизетуғын сораўлар дүзиў, тарқатпа материаллар таярлаў, тарқатыў, теманы жаратыў, электрон усыллар арқалы формалары, сүўретлеўди усылларды ислеп, теманы өзлестириўде ҳәммени актив пикир түсиниги менен шешим табыўға ерисиў.

Театр, кино, телевидение, эстрада, радио, қуўыршақ театр көркем профессионал дәрежедеги кадрлар таярлаўда, биринши басқыштан-ақ, студент ҳәм устаз арасында өз-ара мунәсибеттиң қәлиплесиўи ҳәм беккемлениўи, интерактив тийкарға, яғный белгили модуль, оның нызам қағыйдалары тыңлаўшыға түрли тәриздеги белсенди қыялда көриў, пикир, түсиник көнликпе қабыл қылыў, терең аңлаў, тәсирлениў, пикирлеў ҳәм оны белсенди мүнәсибет тәризинде партнёрына, тыңлаўшыларға жеткериў тәризиниң, түрли, тәкирарланбас түсиндириў усылларына жақсылап жандасқан ҳалда усыныс етиўге қаратылғаны ҳәм онда интерактив түсиндириў усылларысыз оларды қыялда көриў қыйын.

Бүгинги күнде кең таралған аралықтан оқыў, интернет арқалы жәҳән тәлим системасындағы ең жаңа, ен соңғы жетискенлик ҳәм үлгилеринен кең пайдаланыў, оқытыў процесинде көргизбе қураллардан, тарқатпа материаллардан кең пайдаланыўды, белгили сахна сөзи пәни модул шегарасындағы ең көрнекли, өрнек алғандай үлгилерин таңлап, оқыў процесинде тереңнен талықлап, оны сиңдириў, таңланған теманы тарқатпа материал сыпатында презентация қылып, тийисли әдебиятлар, сораўлар көрсетип сабақларда тема жаратыўшы, оның мазмуны әҳмийети ҳаққында студентлерде анық түсиник, жуўмақ шығарыўшы сораў-жуўап, додалаў, анализлеп

теманы өзлестириўге ерисиў ҳәм басқа бир қанша усыллардан пайдаланыў арқалы дөретиўге арналған.

Педагогикалық технология анық избе-излиликтеги процесс болып, ол студент ҳәм педагогтың зәрүрлигинен келип шығып, бир мақсетке бағдарланған, алдыннан пуқта жобаластырылған ҳәм сыпатлы, нәтийже бериўге қаратылған педагогикалық процесс болып есапланады. Болажақ жас кадрлардың бул тараўда өз мақсетлери ҳәм оның әмелге асырылыўында анық белгиленген ўазыпалары болыўы аҳмийетли.

Әўели сахна сөзи пәнинде беккем әмелий дөретиўши атқарыўшылық имканиятқа ийе болыўы ушын сөз атқарыўшылығы ушын таңланатуғын шынығыўларды текстлерди таңлаў, талқын ҳәм додалаў қырлары ҳәм де оның жоқары көркем атқарыўшылық дәрежесине ерисиўдиң тенденцияларын қәлиплестириў лазым. Ҳәр бир дөретиўши шахстың, сахна сөзи шеберлигин кең ҳәм терең өзлестириў, бүгинги ҳәм ертеңги күнимиздиң керек ўазыйпаларынан бири. Сөз үстинде ислеў оны түрли рәңбәрәң техникалық шынығыўлар менен беккемлеп жетилистирип барыўда сөз үстинде ислеўдиң ең сапалы жолларын жаратыўда өзиниң дәрежесине исеними тәжирийбесине ийе, көплеп тәжирийбе, теория, әмелий дөретиўшиликте сүйеги қатқан тәжирийбели устаз, тәжирийбели сөз устасы, дөретиўши актёрлар менен театр тили, кино тили, радио ҳәм телевидение тилинде беккем көнликпеге ийе кәсип маманлары менен қандай тилде қандай пикирде, қандай түсиниклер менен мүнәсибетте болыўымыз мүмкин?

Биринши гезекте бүгинги күнде сөз ҳәм оның тәсирли әлеми, сүўретлеў қатламларындағы тәсиршеңлик, мәнилилик, қайталанбайтуғын, исенимлилик, қызықлы, есте қалатуғын, мақсет ҳәм талқынға көшириўде биргеликде ақылласыўымыз лазымлығы көринеди. Буның ушын бүгинги күнде ҳәр биримиздиң ҳәм биз тәлим берип атырған жас әўлат тилиндеги сөз байлығы, оны сүўретлеўдеги тәсиршеңлик шеберлиги, мүмкиншилиги кандай дәрежеде? Егер дәрежеси бүгинги күн талабына талабына жуўап бере алмаса оны беккемлеў ҳәм раўажландырыў ушын қандай ўазыйпалар, миллетлемелер қойылыўы мүмкин? Буның ушын қанша ўақыт, қанша күш, қанша меҳир, қанша мүтәжлик сарыпланыўы керек деген сораўлар проблемалар шешимине себеп бола алатуғын методика жаратыўымыз лазым.

**Әдебиятлар**

1. Инамходжаев С. “Бадиий ўқиш осослари”.- Т., 1973.
2. Насирова А. “Жонли сўз санъати асослари”.-Т.,2003.
3. Олимжонова З. “Сахна нутқи”.-Т., 2005.
4. Хожматова М. “Сахна нутқи”. Янги авлод, 2007.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада «Сахна нутқи» фаниниинг юзага келиш омиллари, нутқ маданиятиниинг театр санъатидаги ва маданиятдаги аҳамияти кўриб чиқилган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются факторы совершенствования «Сценическая речь», значение культуры речи в театральном искусстве и культуре.

**RESUME.** The article discusses the factors of improving "Stage speech", the importance of the culture of speech in theatrical art and culture.

UDK.213-215; (2023)

# QARAQALPAQSTANDA QOSÍQ ÓNERINIŃ TIYKARÍN SALÍWSHÍ QOSÍQSHÍLAR

**N.Qallibekov** - *aǵa oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch soʻzlar:** tovush, oʻqituvchi, badiiy asarlar, vokal, ovoz tuzilishi, mashq.

**Ключевые слова**: звук, учитель, художественное произведение, вокал, структура звука, упражнения.

**Key words:** sound, teacher, artwork, vocals, sound structure, exercise.

Xalqımızdıń kóp jıllardan berli turmıs keshirmeleri menen sıbaylas bolıp kiyatırǵan, ruwxıy mádeniyatımızdıń altın miyraslarımızdıń biri – bul qosıq atqarıwshılıq bolıp esaplanadı.